

MISA PENGETAN 1Th

RM. GREGORIUS UTOMO, Pr

Tinimbangan Gusti



Oleh:

Rm. FX. Krisno Handoyo, Pr

Rm. H. Rony Suryo Nugroho, Pr

Senin, 01 Februari 2021

“Allah Ingkang Paring Kamardikan”

RITUS PAMBUKA

Kidung Pambuka

**Konjuk
Salam Pambuka**

Gusti Nyuwun Kawelasan

Sembahyang Pambuka

- I. Swawi sami munjuk :
Allah Rama sumber kabegjaning umat ingkang pitados ing Sam-peyan Dalem. Kawula sampun nampi jaminan kamardikan lantaran Sang Kristus, Putra Dalem. Wonten ing pengetan satunggal tahun sedanipun abdi Dalem **Rm. Gregorius Utomo, Pr** ingkang sowan ing pangayunan Dalem, kawula nyuwun, kaluwarna piyambakipun saking pejah langgeng lan kaparengna nyawang wadana Dalem ingkang tuhu mulya. Mugi kawula sadaya saha sanak kadang, mitra pitepangan ugi kepareng nampi berkah lantaran pahargyan pengetan punika. Lantaran Sang Kristus, Putra Dalem ingkang sareng Sampeyan Dalem lan Hyang Roh Suci, gesang tuwin mengku keprabon, jumeneng Allah ing salami-laminipun.
- U Amin

LITURGI SABDA

Waosan I Rom.8: 9 - 15

P Pethikan saking Seratipun Rasul Santo Paulus dhateng umat ing Roma

Para sadulur, uripmu ora kawengku ing daging, nanging kawengku dening Roh marga Rohing Allah dedalem ana ing kowe. Sing ora ndarbeni Rohing Sang Kristus, ya dudu kagungan Dalem. Yen Sang Kristus dedalem ing kowe, ya bener badanmu mati marga dosa, nanging rohmu urip marga dayaning kaadilan. Lan yen kowe dedalem ing Roh Dalem Gusti kang mungu Sri Yesus saka seda, badanmu kang kena ing pati bakal pinaringan urip dening Gusti, kang mungu Sri Yesus saka ing seda mau, karana roh Dalem, kang dedalem ing kowe. Iya bener kita iki duwe kewajiban marang daging nanging ora banjura kudu urip manut daging. Awit yen uripmu manut daging, kowe bakal nemahi pati. Nanging yen pakaryaning daging kopateni dening Rohing Allah, iku padha dadi putraning Allah. Awit sing otampa iku dudu rohing putra angkat, sing njalari kowe padha nyebut: Abba, Rama!

Makaten Sabda Dalem Gusti

U Sembah nuwun konjuk Gusti

Kidung Antara

Kidung Cecala

R ***Alleluya*** U. ***Alleluya***

Aku iki pepadhang ing jagad, sing sapa tutburi Aku ndarbeni pepadhang urip.

U ***Alleluya***

Injil Suci - Luk.4: 16 - 22

I. Pethikan Injil Suci anggitané Santo Lukas

Nalika samana Gusti Yesus rawuh ing Nasaret, papan anggeni digulawenthah lan diagengake. Dinane sabat Gusti mlebet ing sinagoga kaya adat sabene. Nalika jumeneng arep maos Kitab Suci, dicaosi Kitab Nabi Isaias. Kitab dibukak, lan Gusti maos perangan kang muni: “Rohing Allah nedhaki Aku. Aku dijejabi, diutus martakake kabar bungah marang wong miskin, kabar luwar marang wong tawanan, kabar bisa weruh marang wong wuta, kabar kamardikan marang sibng katindhés. Aku diutus ngumumake taun welas-asih Dalem Pangeran”. Sarampunge buku digulung, diparingake juru-laden, nuli lenggah. Kabeh wong sasinagoga padha ngawasake Gusti.

Gusti wiwit ngandika: “Sabdaning Kitab iku mau ing dina iki kelakon trep kaya kang korungu.” Kabeh

padha mbenerake Gusti lan gumun marang sabda pangandika Dakem sing luhur mau.

Mangkono Sabdaning Injil Suci

U Sembah nuwun konjuk ing Gusti

HOMILI

Sembahyangan Umat

I Para kadang kinasih sarana Sakramen Baptis kita nampa Roh Suci, ingkang manunggilaken kita kaliyan Sang Kristus, lan njunjung kita dadi Putraning Allah. Sumangga kanthi andhap asor kita ngunjukake sembah-yangan panyuwun ing ngarsa Dalem Allah Hyang Rama:

P Dhuh Gusti, lantaran Putra Dalem Sri Yesus, Sampeyan Dalem ngersakake supados kawula mboten kablenggu ing kuwaosing dosa lan panandhang. Sampeyan Dalem ngersakaken kawula ngraosaken gesang mardika lan luwar saking cengkeremaning dosa lan pejah. Kaluwarna **Rm. Gregorius Utomo, Pr** ingkang satunggal taun kepengker sowan ing pangayunan Dalem, saking sadaya panjireting dosa lan pejah. Kawula nyuwun..

U **Gusti, mugi nyembadanana panyuwun kawula**

P Kangge kita ingkang katilar. Mugi sih nugraha kamardikan ingkang kepareng kawula tampi lan dipun raosaken dening sedherek kawula menika, dados semangat kangge ngetingalaken atur panuwun kawula srana tindak asih tresna dhateng tiyang ingkang kawula panggihi lan kawula ladosi ing sakiwa tengen kawula. Kawula nyuwun ...

U **Gusti, mugi nyembadanana panyuwun kawula**

P Kangge tiyang ingkang tuni ing katresnan. Mugi sampeyan Dalem kepareng nggepok manahipun, supados ngraosaken asih tresna Dalem lantaran alam, pakaryan, lan tiyang-tiyang ing sakiwa tengenipun. Kawula nyuwun ...

U **Gusti, mugi nyembadanana panyuwun kawula**

P Mugi sadaya sembahyangan lan panyengkuyung kawula sadaya ndadosna daya kekiyatan kangge brayat ingkang katilat, lan ugi ngiyataken pangajeng-ajeng kawula dhateng gesang ingkang langgeng. Kawula nyuwun ...

U **Gusti, mugi nyembadanana panyuwun kawula**

I Dhuh Rama, Sampeyan Dalem pirsia isining manah lan pangajeng-ajeng kawula. Keparenga Gusti nyampurnakaken wonten ing asih tresna Dalem. Lantaran Sang Kristus, Gusti kawula.

U Amin.

LITURGI EKARISTI

CECAWIS PISUNGSUNG

Sembahyang Cecawis Pisungsung

I Allah Rama sumbering kamardikan sejati, pisungsung roti lan anggur kawula unjukaken ing ngarsa Dalem sareng manteping manah kawula ingkang pitados dhateng welas-asih Dalem. Kawula masrahaken abdi Dalem **Rm. Gregorius Utomo, Pr** dhateng pangkoning welas-asih Dalem supados pikantuk kamardikan jati. Lantaran Sang Kristus, Gusti kawula.

U. Amin.

Sembahyang Puji Panuwun Agung

Prefasi

Suci

Rama Kawula

Cempening Allah

KOMUNI

Sembahyang Bakda Komuni

I. Swawi sami munjuk :

Allah Rama sumbering kamardikan jati, kawula sampun nampi rejeki kaswargan kekiyataning pasujarah-an kawula. Kawula muji syukur awit Ekaristi Suci kangge mengeti setaun tilaripun abdi Dalem **Rm. Gregorius Utomo, Pr** ingkang sampun sowan ing ngarsa Dalem. Kakiyatan pambudidaya kawula kangge perjuangan salajengipun, saengga kawula saged gesang kanthi sami-sami caos panglipur. Mugi sadherek kawula **Rm. Gregorius Utomo, Pr** sampun ngraosaken kamardikan jati ing swarga, lan katunggilna malih benjing yen pasujarahan gesang kawula ing donya munika paripurna. Lantaran Sang Kristus, Gusti kawula.

U Amin.

Berkahan Kenduri

RITUS PANUTUP

Pawartos

Berkah - Pangutusan

Kidung Penutup